ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№128 (23.036) • 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 4, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Гъуазджэ

Сокуров Александр и гъэсэнхэм я гуфIэгъуэ махуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щагъэлъэпIащ УФ-м и цIыхубэ артист, кинорежиссёр цIэрыIуэ Сокуров Александр и нэIэ щIэту режиссёр Iэщагъэм хуеджа ныбжьыщIэхэр. Университетым и къудамэщIэр къэзыухъэм я дипломхэр иратыжащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Сокуров Александрэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм защыхуигъазэм кыхихIэщащ кином, телевиденэм, режиссурэм я кафедрэр къызэгъэпэщыныр, зэфIэгъэувэныр Iэзху тыншу зэрыщымытар икIи фIыщIэ яхуищIащ абы я къару емыблэжу хэлэжьыхьахэм. Апхуэдэу ар гуапэу екъуэхъуащ Сокуров Александр УФ-м и Къэрал саугъэтыр къызэрыхуагъэфэщам папщIэ.

- Нобэ ди республикэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэзхуэгъуэ щокIуэкI. Режиссёр Iэщагъэр къыхэзыха ныбжьыщIэхэм къайхъулIащ дуней псом щыщIэрыIуэ режиссёрым и деж щIэныгъэ щызэрагъэгъэтыну. ФIыщIэрэ щытхъурэ яхуэфащэщ, сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэмк кърамыгъэкIуэту, Iэзагъэшхуэ къагъэлъагъуэ я гъэсэнхэр нобэрей махуэм хуэзыша еджэджакIуэ Iэщагъэлэжьым. Шэч кьытесхьэркъым мы махуэшхуэр зей ныбжьыщIэхэм жэуаплынагъэшхуэ яхIлъу, кIыхьаха Iэщагъэм хуэпэжу лъэ быдэкIэ гъащIэм зэрыхэтынум, куэдрэ фIыкIэ я цIэр зэрызэхэтхынум, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

Сокуров Александр гуфIэгъуэ зэIущIэм кърихьэлIахэм яжриIащ ильэситху и пэкIэ гъэзэуанэ теува ныбжьыщIэхэм я Iэзагъым щыхьэт техуэ лэжьыгъэхэр хамэ къэралхэм щекIуэкIа фестивалхэм зэрыщагъэлъэгъуар, абыхэм я Iэдакъэщ Iэкlхэм уэзрыгушхуэн куэд зэрахэтыр икIи дяпэкIи щIалэгъуалэ жыдэхрэхм я зэчийр къагъэлъэгъуэну Iэмал къезыт Iуэхугъуэхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэщIын зэрыхуейр.

Мы Iуэхугъуэм и пэ кьихуэу еджапIэр къэзыухъэм я диплом лэжьыгъэхэр Санкт-Петербургрэ Москварэ кьиикIа къэпщытакIуэхэм я пащхьэ махуищ енкIэ университетым и зал хуитышхуэм щагъэлъэгъуащ. А Iуэхугъуэм кIэлъыплъащ курсым дзэлжьа еджэджакIуэхэр, республикэм и актёр пажэхэр, студентхэр икIи а махуэхэм я нэгу щIэкIар гукъинэ ящыхъуащ кино гуязаджэм дихьэх псомкI.

Курсым щеджа студент 12-м ящыщу щым (Коваленко Кирэ, Мусаевэ Малика, Ефэнды Хьэжмурат) фIы дыдэу къаухащ, диплом «плъыжьхэр» иратыжащ. ГъэщIэм увыпIэфI щагъэтыну, гупсысэ Iущхэр зи лъабжьэ я Iэдакъэщ Iэкlхэм гъэхэмкIэ цIыхухэм сабэп яхуэхъуну, Iуэху екIу куэд зэфIэхыну къэзыухъэм екъуэхъуащ ныбжьыщIэхэм ядэлажьа егъэджакIуэхэр.

Iэщагъэм хуэзыгъэсахэм ящыщ Дзэхъушокъуэ Мадинэ и лэжьэгъуэхэм, къэзыух ныбжьыщIэхэми къабгъэдкIыу фIыщIэ яхуищIащ КъБКъУ-м, факультетым я унафэщIэм, сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн къахуэхъуу я гъусэу къэгъуэгурыкIуа дэтхэнэ зыми.

ГуфIэгъуэ зэIущIэр ягъэдэхащ КъБКъУ-м и къэфакIуэ, уэрэджыкIуэ гупхэм, Музыкэ театрым и артистхэм.

ЩОДЖЭН Iэминат.

Сурэтхэр **Каюдин Евгений** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым

Нэхъыщхьэхэр ягъэнаIуэ

Гъубж кIуэм КъБР-м и Парламентым щекIуэкIащ депутатхэм я гъэтхэ сессиеми и иужьрей зэIущIэр. Ар иригъэкIуэкIащ Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ.

ЗЭIУЩIЭМ къыщащтащ Лэскэн районым и суд Iуэхущ Iапlэ №2-м Зэзыгъэкlуэ судыщIэу Бозий Владимир гъэувыным, КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и аудитору Хьэщ Iэлl Славэ хэхыным теуха унафэхэр.

«КъБР-м ис сабий зеинщэхэрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ зэрадзIэпыкъунym дыщIагъу щэсылIэхэр» законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныжьхэр теIуанэ еджэгъуэу къащтащ. КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узынщагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Бгъэжьнокъуэ Зурьятщ** абы теухуауэ къэпсэлъар.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципалныр къулыкъум теухуауэ законым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэныр ехьэлIа проектыр еджэгъуитIу къащтащ.

- Законопроектым къызэригъэлъагъуэмкIэ, КъБР-м и законым хэт «ЩIэныгъэм хэгъэхъуэн» псалъэхэр -щIэныгъэ гъэдэхэн зэгъэгъуэтын» псалъэхэмкIэ зэхъуэкIын хуейщ. Муниципалныр къулыкъуэр зезыхьэну Iэщагъэлъым щIэныгъэ гъэдэхэн зригъэгъуэтын, а щIэныгъэм зэрыпэлъэщащ елъытауэ щыгъупхъэщ Iэнатlэ иратын-ирамытыныр, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Хабзэр убзыхунымкIэ, къэрал ухуэныгъэмрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ и комитетым и унафэщI **Берд Хьэзрэталий**.

Къэрал, граждан лэжьакIуэхэм я ахъшэ окладым, пособием, компенсацэм ехьэлIауэ КъБР-м иIэ хабзэуб-зыху акт щхьэхуэхэм къару ямыIэжу къэлъытэным теухуа проектыр 1-нэ, 2-нэ ежьэгъуэхэм къыщащтащ.

КъБР-м и бюджетыр 2015 гъэм и апэ мазищым IэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лыхъ Заур**. Абы бжьигъэ щхьэхуэхэр къигъэнэжащ.

А пIалъэм къриубыдэу республикэ бюджетым къыхэхъуащ сом меларди 5-рэ мелуан 722,9-рэ (планым и процент 24,5-рэ). Республикэм къыхэхъуа ахъшэм щыщу налогым къыпэкIуар процент 36,2-рэ, налогым щымыщ хэхъуэр - процентI 2,4-рэ, зымыгъэзэж хэхъуэр - процент 61,4-рэ мэхъу. Налог, абы щымыщ хэхъуэхэр илъэс кIуам и апэ мазищымебгъапщэмэ, мелуан 413,5-кIэ нэхъыбэ хъущ икIи илъэсым и апэ мазищым ар сом меларди 2-рэ мелуан 208,5-м нэсащ.

2015 гъэм и апэ мазищым республикэм и налог хэхъуэр къыхэкIащ: зэгугъэныгъэ щхьэхуэхэм я хэхъуэм - сом мелуан 629,7-рэ (процент 30,4-рэ), акцизым - сом мелуан 722,6-рэ (процент 34,9-рэ), хэхъуэ зэхэлъым къыхэкIар - сом мелуан 86,5-рэ (процентI 4,1-рэ), мылькум теухуэм - сом мелуан 356,6-рэ (процент 17,2-рэ), нэгъуэщIхэм - сом мелуани 8,2-рэ (процент 0,4-рэ).

Республикэ мылькум щыщу къыгъэссэбэпащ сом меларди 6-рэ мелуан 236,7-рэ. Социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм текIуэдащ сом меларди 4-рэ мелуан 832,5-рэ (илъэсым трауХуам и процент 22,6-рэ).

2015 гъэм и апэ мазищым лэжьапщIэ тыным хуХахащ сом зы меларддэ мелуан 22,5-рэ, цIыхухэм ядэIэпыкъуным - сом мелуан 849,7-рэ, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм - сом мелуан 65,6-рэ, стипендием - сом мелуани 9,2-рэ, хущхъуэхэм - сом мелуан 31,8-рэ, ерыскъым - сом мелуан 57,2-рэ, муниципалитетхэм ираташ сом зы меларддэ мелуан 717,7-рэ, фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованием - сом мелуан 887,6-рэ.

Къапщтэмэ, мыльку нэхъыбэу текIуэдащ егъэджэныгъэм (зы меларддэ мелуан 957,6-рэ), узыншагъэр хъумэным (зы меларддэ мелуан 441,2-рэ), социальнэ политикэм (зы меларддэ мелуани 134,9-рэ). Республикэм тель къэрал щIыхуэр мазищым кIриубыдэу сом меларди 6-рэ мелуани 143,4-рэ хъуащ, - къиГъэнэIуащ министрым.

«Мэз хабзэм и Iэхуэхэр зэкIэлъыгъэкIуэныр теухуауэ» проектым тепсэлъыхьащ КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэзэмэ экологиемкIэ и министр **Газаев Мухьтар**.

«КъБР-м и депутатым и статусым» теухуа законопроектыр щIыуэпсым Регламентымкlэ, депутат щэнхабзэмкIэ, Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIуныкIэ и комитетым и унафэщI **Кансаевэ Еленэ** зэрыжиIамкIэ, «КъБР-м и депутатым и статусым» теухуауэ республикэм иджыпсту щылажьэ законыр къыдэзрагъэтэрэ илъэс 20 дэкIащ. Абы 40-рэ зэхъуэкIныгъэ игъэтащ, и Iыхьэ гуэрхэм къару ямыIэжуи ялъытатащ. Абы къыхэкIыу, законым и проектыщIэ ягъэхьэзыращ.

- Депутатэм я мурадщ республикэр зыхэт гугъуехьхэм зыдащIу, мылькур зэгъэзэжуныр езыхэм я деж къыщыщIадзэну. Депутатым и гъащIэмрэ узынщагъэмкIэ страхованием ягъэнукъым, цIыхубэ транспорткIэ пщIэнэ зэкIуэжыкъуныкъым. ИтIанэ, цIыхухэм къалъытэ депутатхэр жэуапым ирашэлIэну хуимыту. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ: депутатхэр уголовнэ, административнэ жэуапхэм щрамышлалIэ Iуэху гуэркIэ Iэ щалэткIэ, а Iуэхум зэрелпъыр щыжьаIэкIэщ. Ауэ хабзэм ебакъуэмэ, адрей цIыхухэми хуэдэу жэуап яхьнищ, - кажриIащ абы журналистхэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● КъБР-м и Правительствэм

ЗэбгъэтIылъэкI мыхъуну Iуэхухэр

Бадзэуэгъуэм и 2-м КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ Налшык щекIуэкIащ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий зэIущIэр Iуэху гуапэкIэ къызэIуихащ. 2014 гъэм Сочэ къалэ щекIуэкIа XXII Олимп, XI Паралимп щIымахуэ джэгуэхэр къызэгъэпэщыным хэлэжьыхьахэм Урысей Федерацэм и Президентым и фэеплъ медалхэр КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудзэ - КъБР-м узынщагъэр хъумэнымкIэ и министр Шэт Ирмэ, КъБР-м и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщI Марьяш Иринэ, КъБР-м спортымкIэ и министр Хъущт Аслъэнбэч, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин сымэ хэту, цIыху 13-м яритыжащ.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лыхъ Заур** и гугъу ищIащ Финансхэмкlэ министерствэр республикэм и мылькум и эхкIэлъыкIуэкIэм зэрыкIэлъплъынym халъхьа зэхъуэкIныгъэм. Унафэм и проектым къыздэкIуэ КъБР-м и Парламентым и Регламентымкlэ, депутат щэнхабзэмкIэ, Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIуныкIэ и комитетым и унафэщI **Кансаевэ Еленэ** зэрыжиIамкIэ, «КъБР-м и депутатым и статусым» теухуауэ республикэм иджыпсту щылажьэ законыр къыздэзрагъэтэрэ илъэс 20 дэкIащ. Абы 40-рэ зэхъуэкIныгъэ игъэтащ, и Iыхьэ гуэрхэм къару ямыIэжуи ялъытатащ. Абы къыхэкIыу, законым и проектыщIэ ягъэхьэзыращ.

Апхуэдэуи министрхэр арэзы техуауэ Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм и мылькум хыхьэу метр зэбгъэзэнатIэ 379-рэ зи инагъ уухуэныгъэр КъБР-м и къэрал мылькум хэгъэхьэныр. Ухуэныгъэр МФЦ-м и зы къудамэ щIыныр я мурадщ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуздзэ - республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Дадэ МуIэед** тепсэлъыхьащ Iэщ зыгъэхъуэм субсидие зэрыратыну хабзэхэм халъхьа зэхъуэкIныгъэхэм. Иджы, субсидие къеIыэныхьну хуейхэм я тхьапымпIэкэр электрон Iэмалкlэ, пощткIэ министерствэм ирагъэхь хъунущ.

Бахъсэн, Дзэпыкъуэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр тепсэлъыхьащ я деж щежэх псыхэр къуэкIийм къыдэкIынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм, псым и нэпкъэр икIэщIупIэкIэ ямыгъэбыдэмэ, абы пэмыжьыжьэу щыс къуажэхэм тхьэмыщкIагъэ ин къахуихьынкIэ зэрыхъунym. **Газаев Борис** Iуэхум и хэкIыпIэу къыхилъхьащ а щIыпIэхэм мывэкIэщхъ къыщыщIэзыхъэмрэ техникэ зэпэщ щызиIэхэмрэ Iэхуэм къыхашэну. Мы Iуэхур кIыхьлIыхь ямыщIыну яжриIащ Правительствэм и Унафэщым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 4, *щэбэт*

♦**Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**США-м и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - я щхьэхуитныгъэм и махуэщ.** 1776 гъэм Iэ традзащ США-р зыми и унафэ зэрыщIэмытыр щыIубзыхуа Декларацэм.

♦**Днепр псым и дунейпсо махуэщ**

♦1848 гъэм Маркс Карлрэ Энгелсрэ Фридрихрэ я «Коммунист партым и манифест» лэжьыгъэр къыдэкIащ.

♦1916 гъэм Урысейм и тенджвыз къэхъыльатэзэхуэхэр Балтие тенджвыз щIыIум щекIуэкIа хьэуа зауэм щыгъекIуащ.

♦1957 гъэм цIыху къызэрырашэкI «Ил-18» кхъухьльатэ лIэужьыгъуэр ягъэуцуэну ихьащ.

♦2007 гъэм Дунейпсо Олимп комитетым Гаваналэ щиригъэкIуэкIа 119-нэ сессием унафэ къыщащтащ 2014 гъэм щIымахуэ Олимп джэгуэхэр Сочэ щIэныгъэкIыным теухуауэ.

♦Британием щыщ геодезист, Индием и щIыналъэм и топографие сурэтыр зыщIа, Джомолунгмэ бгым и лъагагъыр япэу къэзыхута **Эверест Джордж** къызэралъхурэ илъэс 225-рэ ирокъу. Дунейм и кIурш нэхъ лъагэ дыдэм абы и цIэр щIыфIащари а лэжьыгъэшхуэрэщ.

♦СССР-м и цIыхубэ артист **Мкртчян Фрунзик** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦УбыхэкIэ я дзэпщ цIэрыIуэу щыта, Кавказ зауэм и лIыхъужь **Бэрзэдж Дзгумыкъуэ Хьэжы-Исмэхьил** къызэралъхурэ илъэс 249-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и ПIыхъужь **Къардэн Къэбард** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Тележурналист **Жэман Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Дунейм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион **Бажэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 5, *тхьэмахуэ*

♦**Тенджызэ, псы флотым и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**Брянск областыр къыщыззрагъэпэща махуэщ**

♦**Калугэ областыр къыщыззрагъэпэща махуэщ**

♦**Армением и Конституцэм и махуэщ**

♦1924 гъэм Париж къыщыззIуахащ VIII гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр.

♦1943 гъэм Курск зауэм щIидзащ.

♦1957 гъэм Налшык Лениным и фэеплъ къыщыззIуахащ.

♦Къэбэрдейм и пщы уэлий **Хьэтlохьэщокъуэ Кургъокъуэ** къызэралъхурэ илъэс 352-рэ ирокъу.

♦Урысей дзэзешэ, адмирал **Нахимов Павел** къызэралъхурэ илъэс 213-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс тхакIуэ **Абыкъу Хъалид** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦СССР-м спортым боксымкIэ и мастер, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Алий Сулеймэн** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик **Даут Юрий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутат, «Абазашта» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Къул Фардаус** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 28-рэ, жэщым градус 21 - 24-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 6, *блыщкьэ*

♦**Къэзахъ Республикэм щагъэлъапIэ къалащхьэм и махуэр**

♦1557 гъэм Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм гухъащ.

♦1785 гъэм США-м и Конгрессым унафэ къыщтащ америкэ ахъшэм «доллар» фIэщыщым теухуауэ.

♦1957 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и гуфIэгъуэ сессие зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам икIи республикэм Ленин орденыр етIуанэу къыззыратам.

♦Къэзахъ Республикэм и президент **Назарбаев Нурсулътан** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Урысей оперныр уэрэджьыIакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Синявская Тамарэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Америкэ актёр, режиссёр, сценарист **Сталонне Сильвестр** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦США-м и 43-нэ президент **Буш Джордж-нэхъыщхьэм** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щыщ спортсмен, Олимп джэгуэхэм я чемпион **Рогожин Сергей** къызэралъхурэ илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Мысачэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Сэхъурокъуэ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIэМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ

Нысэ Iейм унафэр унэм ирех.

Зеикъуэ щыщ нанэм и илъэси 125-р егъэлъапIэ



Бадзэуэгъуэм и 1-м Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм и администрацэм къыщыззрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхьихьэм УФ-м и Президент Путин В. В. къыбгъэдкIыжьа къуэхур къыщратыжащ а махуэм зи ныбжьыр илъэси 125-рэ ирикъуа Щауэ Нану ЦIыкIуэ и пхъум. Къэралым и Iэтащхьэм къигъэхьа тхыгъэм къеджащ администрацэм и Iэтащхьэ Къэрмокъуэ Гъумар.

Жылэм я нэхъыжь дыдэ нанэм псалъэ гуапэхэр жраIащ Бахъсэн районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуздзэ Къаздэхъу Олег, жылагъуэм щыщ депутатхэм, нэхъыжьыфIхэм. Юбилей лъапIэмкIэ и яхуэзгъуэ екъуэхъури, фэеплъ тыгъэ хуищIащ КъБР-м и Парламентым и депутат Токъмакъ Азик.

Нану мы жылэм 1890 гъэм къыщалъхуащ. И гъащIэм и Iыхьэ нэхъыщхьэр абы колхоз лэжьыгъэм хэту ирихьэкIащ. 1946 гъэм Щауэхэ нысэ яхуэхъури, ар и щхьэгъусэм илъэс 36-кIэ дэпсэящ, быни 5 дигъуэтащ. Иджы абыхэм я бынхэр, бынхэм я быныжхэр 35-рэ мэхъу.

Нану жыдэжрщ, и щхьэ зэрехьэж, и нысэхэм сыткIи я чэнджэщэгъуу ящхьэщытщ. Ауэ, езым зэрыжиIэщи, зэрыIуэхунымэ ирегъэзэш.

* * *

Къэралым и унафэщIыр я ныбжьыр а махуэ дыдэм илъэс 90 - 95-рэ зэрырикъуам къыхэкIыу Зеикъуэ щыщ нэгъэущ цIыхуи 5-ми екъуэхъуащ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн районым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапlэм и лэжьакIуэ.

Илъэс 90-м щегъэжьауэ илъэси 100-м щIигъу зи ныбжь цIыхуу 15-м я юбилейхэр Iуащхьэмахуэ районым бадзэуэгъуэм и 1-м щагъэлъэпIащ. Абыхэм ящыщу нэхъыжь дыдэ, Гундэлэн къуажэм щыпсэу Кочкаровэ Шуркэ Ибрэхьим и пхъум а махуэм илъэси 115-р къызэринэжIащ. Абы, илъэси 105-рэ зи ныбжьхэу Атмурзаевэ Нафисэт, Байчекуевэ ТэIибэт сымэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къахуигъэхьа хъуэхъу телеграммэхэмрэ Iуащхьэмахуэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Уянаев Казым къыбгъэдэкI фэеплъ тыгъэхэмрэ иратыжащ район администрацэм и Iэтащхьэм и къуздзэхэу Афашокловэ Рамсэ, Атакуев Руслан, Гундэлэн къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ Текуев Къасболэт сымэ.

А цIыхубэхэм я къекIуэжIыкIам къэралым и иджырей тхыдэр наIуэу къыхоущ. Абыхэм революцэри, граждан зауэри, колхозхэр зэрызэхьихьари, лъэпкъыр адэжь щIыналъэм зэрырахуари я нэгу щIэкIащ. Ауэ абыхэм ящыщу зыри гугъуехьхэм, гуэзэгъуэхэм ихагъэшIакIыжьыр. Абыхэм я щIагъэкъуэнщ я унагъуэ зэкъуэтхэр, я бынхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ я лъагъуныгъэр.

Нэхъыжьхэм я юбилейхэр а махуэм щагъэлъэпIащ Тырныауз къалэми. Хъуэхъу гуапэхэр хуаIэтащ илъэс 95-рэ ирикъуа Джаппуевэ Зэхьирэт, илъэс 90-р бадзэуэгъуэм и 2-м къыззэшнэжIахэу Махиевэ Зайнаб, Хэку зауэншхъуэм и ветеран Головановэ Владимир сымэ.

ЛашкIуТIэ къуажэм щыщ Темукуевэ Мэржан илъэс 95-рэ, Былым къуажэм щыщ Афашоковэ Нафисэтрэ Терскол посёлкэм щыпсэу Гулиевэ Тамарэрэ илъэс 90 а махуэм ирикъуахэщ. А псоми хъуэхъу телеграммэхэр кхахуигъэхьащ къэралым и Iэтащхьэ Путин Владимир.

ТАРИМ Алисэ,
Iуащхьэмахуэ мунициплнэ районым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапlэм и лэжьакIуэ.

Лiэщыгъуэ ныбжьым итхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ щымащIэкъым

● КъБР-м и Парламентым

Я къалэнхэр зэрагъэзащIэм топсэлъыхь

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм Iэуху зэмылIэужьыгъуэу тIощIым щIигъум щыхэплъащ. РегламентымкIэ, депутат щэнхабзэмкIэ, Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIунымкIэ комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ депутатхэр щыгъуазэ ищIащ мыгъэрей гъатхэ сессием къриубыдэу езыр зи пашэ гупым зэфIагъэкIахэмрэ Парламентым и Регламентым и Iэхэугъуэ нэхъыщхьэхэр зэрыдагъэкIымрэ.

Бгъэжьнокъуэ Зурьят зэрыжиIамкIэ, а документым есэтэмэныжь язынныкъуэ псалъэхэр, къапщтэмэ, «жьэн уэрыр Парламентым и ЩIыхь тхьилъыр тыныр, апхуэдэу адрей къэрал органэхм я наградэхэр зратыпхъэу къаплъытэхэр къыхэлъхьэныр, фракцэхэм я лэжьакIэр, парламентхэм я зэдэлэжьакIэр зыхуэдэм кIэлъыплъныр, депутат щэнхабзэм пыщIа Iэуху зэмылIэужьыгъуэхэр.

Комитетым и унафэщIым зэрыжиIамкIэ, мы гупым Парламентым и зэIущIэхэр зыхэплъэн Iэуху 6, Парламентым и Президиумым щызэпкърахыну Iэуху 21-рэ игъэхьэзырыщ.

КъБР-м и Парламентым и комитетхэм къыхалъхьахэм ялъэ ятIкIэ ягъэхьэзырыщ бжьыхьэ, гъатхэ сессиехэм зэлэжьыну Iэуху хэм я планхэр, Хэку зауэшхэм къыщыгъкъа ТекIуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырыныр ар гъэлъэпIэнымкIэ КъБР-м и Парламентым зэфIигъэкIынухэм я планыр, Урысей Федерацэм и Президентым УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам, КъБР-м и Iэтащхьэм республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэува къалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ планхэр. Кансаевэ Еленэ зэрыжиIамкIэ, а планхэм къыщыгъэлъэгъуа Iэуху нэхъыщхьэ псори гъэзэщIа хъущ икIи стратегие мыхьэнэ зиIэ иужьрей документитIыр парламентархэм я жьыдэрагъэр къэлэтэнымкIэ хэкIыпIэ лъэщу уващ.

Доклад зыщIам къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым и комитетхэм хэтхэр хуей щыхъуи деж зэрызэрахьуэкIыр. Апхуэдэу зэщIагъэуIуауэ депутатхэр елэжьащ Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм хэтынухэр къыхэхыным.

2015 гъэм и гъатхэ сессием и лъэхъэнэм гулъытэ хэха хуащIащ Парламентым къэпщытэныгъэм и лъэныкъуэкIэ къыбгъэдэхуэ Iэуху зэгъэзащIэным. А лъэхъэнэм къриубыдэу комитетхэм къызэрагъэпэщащ едэIуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэу 4, зыхуэфащэ Iэнатlэхэм я лIыкIэхэр къызэрихьэлIа зэхъыкъуэ 10. Президиумым и зэIущIэхэм хиубыдэу Правительствэм хухаха зэманхэм къыщIатIэщ республикэм и гъащIэм мыхьэнэ пыухыкIа щызыIэ Iэхуэу 10.

Докладым едаIуэу тепсэлъыхьа иужь Президиумым хэтхэм къащта унафэм ипкъ ятIкIэ законхэр къыдэгъэкIынымкIэ жэрдэмхэр къаIэтыну хуитныкIуэ зиIэ субъектхэм КъБР-м и Парламентым законопроектхэр, абы-хэм ятеухуа тхыгъэхэр, зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыщихалъхьэкIэ, республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, федеральнэ къэрал органхэм я щIыналъэ органхэм КъБР-м законхэр къыдэзыгъэкI и органым пыщIауэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ, КъБР-м и Парламентым и Регламентым къигъэувэжр нэсу къалъытэну чэнджэщ ираташ. Апхуэдэу къащтащ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и правовой управленэм и зыхуэфащэ комитетхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэгъэза чэнджэщхэр.

ЗэIущIэм щыхэплъащ «Псоми къагъэсэбэп автомобиль гъэзэгухэр уху ухэм, егъэфIэкIуэным, капитальнэу зэгъэзэщIыжьным, зэгъэзэщIыжьным икIи зехьэным трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкI бюджет кредит КъБР-м и бюджетым къыхуэутIыпщынымкIэ зэгурыIуэныгъэхэм щIагъуэ зэгурыIуэныгъэщIэхэр къэщтэным и Iэхуэкъ» КъБР-м и законопроектым. БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ комитетым и унафэщI **Афэщ Iагъуэ Михаил** зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ зэгурыIуэныгъэщIэхэр ятх псоми къагъэсэбэп автомобиль гъэзэгухэр ухуэным, егъэфIэкIуэным, капитальнэу зэгъэзэщIыжьным, зэгъэзэщIыжьным икIи зехьэным трагъэкIуэдэн папщIэ республикэм бюджет кредиту къищта сом мелуан 340-м щIигъур зэрапшыныжьну щIыкIэмрэ пIалъэхэмрэ хэплъэжьн папщIэ.

КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмкIэ, узынщагъэр хъумэнымкIэ и комитетым игъэхьэзырри, Президиумым и зэIущIэм къыщыхилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм жьэн узым щыпщIэтынымрэ къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм и Iэуухэр» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» республикэм и законопроектыр. Комитетым и унафэщI

● Узыншагъэ

Къэралым и медицинэ IуэхущIапIэ нэхъ инхэм дяпэкIэ ядэлэжьэнущ

Ди газетым зэрытетащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым махуитIкIэ щекIуэкIащ «ПIалъэ къызыхэкI мыхъуну нейрохирургие» Кавказ Ищхьэрэ зэхыхьэр. Абы хэтыну ди щIыналъэм къеблэгъат Урысей Ипщэм и дохутыр 200-м нэблагъэрэ псантхуэ узыфэхэр гъэхъужыныр зи лэжьыгъэ нэхъыщхьэ IэщIагъэлI пажэхэмрэ.

БУРДЕНКЭ Н. Н. и цIэр зезыхьэ, Нейрохирургиемкlэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, Рошаль и клиникэм, Кировым и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт Дзэ академием хуэдэ медицинэ Iуэхущlапlэ цIэрыIуэхэм я лIыкIуэхэр къызрихьэлIа форумым узыншагъэр хъумэнымкIэ щыIэ Iуэхугъуэ куэд зэпкърыха щыхъуащ. Доклад зыщI дохутырхэм я дэтхэнэ псалъэми мыхьэнэшхуэ иIэт. Апхуэдэуи абыхэм Iэмал ягъуэтащ ди щIыналъэм и нейрохирургхэм я зэфIэкIыр здынэсыр зрагъэпэгъуну. ХьэщIэжэм жаIащ республикэм и дохутырхэм я лэжьыгъэр зэрыкъэтеблам арэзы къызэращIар.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэми щIыналъэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрми мы унэтIныгъэм гудзакъэ зэрыхуаIэм, медицинэм пыщIа Iуэхухэр Iэпэдэгъэлэл пщIы зэрымы- хъунур къаззрыгурыIуэм, лъэпощхъэпохэм зэрапэщIэтым занщIэу гу лъы- ботэ. Апхуэдэ лъабжьэхэр щыIэу зумыжьыным пльэкIынукъым», - жиIащ Урысейм и Нейрохирургхэм я зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ, РАН-мрэ РАМН-мрэ я академик **Коноваловым Александр**.

Зэхьихьэр зэрекIуэкIа махуитIми Къалэ клиникэ сымаджэщ №2-м и пэшышхэм щагъэуват медицинэ Iэмэпсымэхэмрэ а Iэщlагъэм уэщыщхуэй хъу нэгъуэщI хьэпшыпхэмрэ къыщIэзыгъэкI Iуэхущlапlэ щIэрыIуэхэм иужьрейуэ къыдагъэкIахэр. Iэщlагъэлlхэм къызэрыкагъащащи, а технологиехэр дунейпсо мардэм къотIасэ, уеблэмэ я фIагъкIэ хамэ къэралхэм щагъэхъэзырхэм ехьэехуэфынущ.

Дохутыр хьэщIэхэм, бысымхэри ящIыгъуу, къалэ сымаджэщым и пэшхэм зыщаплъыхьащ. ИужькIэ нейрохирургхэр кIуащ лъынтхуэм елажь центр щылажьэ Республикэ клиникэ сымаджэщым. Москва къикIа дохутырхэм зрагъэпэгъуащ нейрохирургие, реанимацэ къудамэхэр.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Шэт Ирмэ** къыхигъэщащ, ди медицинэм куэдкIэ зиужьами, иджыри зэлэжьын хуей Iуэхугъуэхэр зрыщIэр, псом хуэмыдэу медицинэ лэжьакIуэ нэхъыбэ егъэджэн зэрыхуейр. Ар нэхъыбэу хуэгъэзащ нейрохирургие Iэнатlэм.

- «ПIалъэ къызыхэкI мыхъуну нейрохирургие» Кавказ Ищхьэрэ зэхыхьэм ипкъ ятIкIэ дызэгурыIуащ, къэралым и медицинэ Iуэхущlапlэ нэхъ инхэм зэман-зэманкIэрэ я хирургхэр къытхуагъэхIуэну, дыдейхэми нэгъуэщI клиникэхэм я лэжьакIэм зыхагъэгъуазэу, я зэфIэкIэмкIэ зэдэгуашэу дяпэкIэ дылэжьэну, - жиIащ Шэт Ирмэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр **Елъкъан Артур** *трихащ*

● Бахъсэн щIыналъэ

Зихуэдэ щымыIэ агротехнопарк

ЕджапIэ полигон зыхэт агропромышленнэ бизнес инкубатор Бахъсэн щIыналъэм къыщызэIуах. Ар мэкъумэш Iэнатlэм и иджырей технологиехэр Урысейм дяпэкIэ зэрыщрагъэджыным и япэ проектыр. Хуэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэфIагъэкIауэ, езы хэщIапIэр Iуэхум хуагъэпс.

МЭКЪУМЭШХЭКIХЭР къезыхьэлIэ, абыхэм елэжь, уасэхэм кIэлъыплъ, ерыскъыпхъэхэр зыщэ предприятхэм зэгурыIуэныгъэхэр иращIыпIэнущ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым апхуэдэ зэпыщIэныгъэ хуаIэщ.

- Программэ зэгъэзыIуам тету, агробизнес инкубаторым щIэх-щIэхьыурэ семинархэр щедгъэкIуэкIыну лъэныкъуэхэр дызэгурыIуащ. КъищынэмыщIауэ, хьэрычэтыщIэ щIэзыдзагъащIэр къыхихэ Iуэхум хуедгъэджэну ди мурадщ. Абы зы мазэм къыщыщIдзэзу илъэс ныкъуэм нэс ихьынущ, - жеIэ агротехнопарким и унафэщI Къаздэхъу Марат.

Илъэсым студент щIыблым нэблагъэ ирагъэджэну траухуащ. Ахэр къыззращтэнум хуэхьэзырщ. Щыэзышхьэ пэшыр, еджапIэ классэхэр, лабораторэхэр сыт и лъэныкъуэкIи Iуэхум хуэгъэпсащ. Продукцэхэм щакIэлъыплъкIэ кьабзагъэр къызззыгъэпэщ электролабораторэ Iэмэпсымэрэ бжыгъэрылажьэ микроскопрэ яIэщ. Къапщытэр хуиту кьеГъэлъагъуэ компьютерым и экраным.

МыIэрысейхэм псынщIэу зезыгъэужь технологиехэм щыхурагъэджэну щIыпIэри агробизнес инкубаторым хохьэ, пкъырылъет жыгхэм гектариТ, жызымейхэм зы гектар хухахащ, мэракIуэхэр, хадзэкIэхэр теплицэхэм щызэрахьэнущ, къызэрыгъэкIыну игъэкIынущ, удз хущхъуэхэм, Iэрысэхэм я зыужьыкIэм кIэлъыплъынущ, зэрахьэщ, зэращ щIыкIэм зыхагъэгъуэзэнущ.

Агротехнопаркым еджапIэ фермэхэри хэтщ: жэм къашхэр щалIэгъынущ, Iэщlэвыщlэ, тхьэкIымэкIыхь, цы щабэ зытет псэущхьэхэр щагъэшхэнущ. Электроподстанц, псы къыщIэшыпIэ, насос станц яIэщи, къэкIыгъэхэр псыкIэ ягъэнщIыфынущ.

Уху ныгъэм и япэ Iыхьэр зэфIэкIащ, гъэлъэгъуапIэ пэшыр и кIэм нагъэсыну къапэщытщ. ЕтIуанэ Iыхьэм - мэкъумэшхэкIэм щелэжьыну щIыпIэм - адэкIэ халъхьэну мылъкур мы зэманым зэщIагъэуIуэ.

ЧЫЛАР Аринэ.



● Пшыхьхэр

И зэфIэкI егъэлъагъуэ

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм къафэмкIэ и «Арабеск»-ан самблым иджыблагъэ пшыхь щитащ Налшык къалэ и Курзалым. Гупищу (я ныбжькIэ зэхэхауэ) гуэша къэфакIуэ цIыкIуэхэр зыхуэмыIэзэ къафэ лIэужьыгъуэ щыIэтэкъым: «Калинка» уэрэдым хуагъэува лэжьыгъэм къыщыщIэдзауэ испан къафэхэм я деж щиухыжу.

КУЭД елъытауэ къыщIэкIынщ гъэсакIуэм. «Арабеск»-м и художественнэ унафэщI Добросердовэ Лиля гъэсакIуэм и хьэл нэхъыщхьэу щытын хуейхэр зэрыхэлъым къыдэкIуэу, бзэ дахэ, Iэфl Iурылъщ. Абы зэхьихьэр зэгъэкIуэуэ иригъэкIуэкIащ, сабийхэм зэрызахуигъаазэ дэтхэнэ и псалъэми ущигъэгъуфIыкIыу.

Псори зэхэту гупым къафэ 27-рэ игъэлъэгъуащ. Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ зи ныбжьыр илъэси 4 - 6 хъу цIыкIуэхэм «Божья коровка» къафэ хьэлэмэтыр щагъэзэщIам.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы гупым илъэсым и Iуэцlкlэ лэжьыгъэшхуэ зэрахуэфIэкIар. «Маленький принц», «Неразлучные друзья», «Каникулы», «Матросы», «Красные шапочки», «Кукла», «Сейф», «Пингвины», «Царевна», «Анастасия», «Недетское время», «Восток», «Дикие танцы», «Испания» - фIэщыгъэ хьэлэмэтэр зиIэ мы къафэхэм я къэIуэтэкIэкIи гупсысэ халъхьакIи щхьэж и гъэщIэгъэунагъ иIэжт, ахэр Iэззу ныбжьыщIэхэм утыку кэрахьэрт.

ФIыщIэ яхуэфащэщ мыпхуэдэ щIэблэ къэзыгъэхъуу адэ-анэхэм, гъэсакIуэхэм.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъу.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*

● Футбол

Ещанэ дивизионым ди щIалэхэм пашэныгъэр щаубыд

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр щокIуэкI. Мы гъэм абы хэтщ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупыр.

ДИ ЩIАЛЭХЭМ зэхьэзэхуэм зэкIэ зэлуцIитI щрагъэкIуэкIауэ араща. Абыхэм текIуэныгъэхэр ящащхьи, налшыкдзэсхэм бжьыпэр яубыдащ.

Япэщ1ыкIэ «Спартак-Налшык-2»-м и стадионым 5:1-уэ щыхигъэщIащ Дагъыстэным и «Хасавюрт» командэр. Налшыкдзэсхэм кьахэжаныкIащ Уэрышыр, Мэшыкъуэ Хьэчим (тIэунейрэ), Лупыр, Жэмыхьуэр. Псом хуэмыдэу гуапэ тщыхъуащ ди щIалэхэм я ещанэ топыр. Ар дигъэкIащ илъэситI илэкIэ Тулэ и «Арсенал»-м щыщыдэджэгум абы и гуащьхьэтет Филимоновым фэбжь хьэлъэ зытридзауэ (и лъакъуэр икъутат) иджы къыззэфIэувэжа ЛIуп Исльам.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшык-2» - м Къалмыкъым и къалащхьэм бадзэуэгъуэм и 1-м щригъэкIуэкIащ. Ар хуабжьу удзыхьэх хъуащ. Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьерлигэм зэгуэрым щыджэгуа Элиста и «Уралан»-р и къару къызэрихькIэ хущIэкъуащ кьытыдзщIэхэр игъэгуфIэну. Арщхьэкlэ ди щIалэхэм апхуэдэ Iэмал иратакъым - 70-нэ дакъикъэм Мэшыкъуэ Хьэчим зэуа топым хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетыр пэлъэщакъым. Абы «Уралан»-м жэуап къыхуетыжакъым икIи налшыкдзэсхэр 1:0-у текIуауэ джэгур иухащ.

Ещанэ дивизионым хэт командхэм ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм я бжыгъэр зэтехуэркъым. Абы щхьэкIэ къэмынэу гуапэщ ди щIыпIэм къыщалъхуа щIалэщIэ защIэкIэ зэхэгъэува «Спартак-Налшыкым» бжьыпэр зэриубыдар. Ахэращ ди республикэм и футболым и къэкIуэнур куэдкIэ зэпыытар.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Спартак-Налшык-2»	**2**	**2**	**0**	**0**	**6-1**	**6**
2. «Леки»	3	2	0	1	5-6	6
3. «Магас-ИнГУ»	3	1	2	0	4-1	5
4. «Динамо-Дагъыстэн»	4	1	2	1	4-4	5
5. «Политех-ГБОУ-РДЮСШ»	3	1	1	1	5-4	4
6. «Волгарь-М»	1	1	0	0	6-1	3
7. «Хасавюрт»	4	1	0	3	2-11	3
8. «Уралан»	2	0	1	1	1-2	1
9. «Академия «Анжи»	2	0	0	2	0-3	0

Шыгъажэм фрагъэблагъэ

Бадзэуэгъуэм и 5-м Налшык ипподромым щекIуэкIынущ хабзэ хъуа саугъэтхэм щыщIэбэныну шыгъажэ:

Налшык ОКС саугъэтым щIэбэныну, илъэси 3 зи ныбжь шы лъэпкъ къабзэхэм метр 2400-рэ гъуэгуанэр къызэпачынущ;

Анилин и саугъэт - метр 2000 гъуэгуанэм къыщыззэджэнущ илъэсищ зи ныбжь шы лъэпкъ къабзэхэмкIэ;

Жокей-клубым и саугъэт - илъэсиплI зи ныбжь, нэхъыжь шыгъажэш лъэпкъыфIкэм метр 200 гъуэгуанэр къапэщылъщ;

Кубань псым и саугъэт – абы щIэбэныну илъэситI зи ныбжь шы лъэпкъ къабзэхэр, абыхэм метр 1200-рэ къажынущ;

Гранит II саугъэт - метр 1600-рэ гъуэгуанэм къыщыззэджэнущ илъэси 3 зи ныбжь, нэхъыжь шы лъэпкъ къабзэхэр.

Шыгъажэм щIидзэнущ сыхьэт 12-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэр, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Iуэхугъэмкlэ управленэр КъБР-м и Хэкакlуэ комиссэм и Унафэщl **Джэш Вячеслав Мыцэ и къуэм** хуогъаза абы и къуэш **Джэш Мухьэмэд Мыцэ и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№123-124-хэм итщ).

ЕщІ унафэ: «Къевджэ псынщІэу! Ар сщІымыгъумэ,
кІыфІщ си гъащІэр.
ЖефІэ: Сыт сыкъыумылъагъуу укІуэжауэ пщІа мыхъумыщІэр?
Гъэхъуж къакІуи си гур псынщІэу. - Уэ плъэкІынущ, фІыуэ сощІэ.
БжесІэнщ псори сипхъу гъэфІэным иджыпсту сэ си гум щыщІэр».

Тинатин йодаІуэ адэм, - адэ пащхьэм къыщохутэ.
Дыгъэ бзийр щытепсэм мазэм, фагъуэ хъуауэ ар йокІуэтыр.
Адэм хуещІыр пхъум ба гуапэу, пхъури адэм бгъэдокІуатэ.
ИоупщІ: «Щхьэ уэ утхэмысрэ? Сыт укъезджэм нэхъ
къыщІэпщтэр?»

Пщащэм жеІэ: «Адэ лъапІэ! ГущІэгъуншэу щытми гъащІэр,
Уэ плъэкІынур зыхуэдизыр я нэхъ хахуэм фэкІэ къещІэ.
Уеблэм вагъуэхэр уи губжьым дэункІыфІынущ. Хэт зымыщІэр?
Ущыс нэхърэ зы умыщІэу, нэхъыфІщ зауэм я нэхъ гуащІэр».

Адэм жеІэ: «Си бын закъуэ! Сыт бэлыхьыр стемылъами,
Уэ уи нэгум сызэриплъэу, схокІыж узыр, - ар етами.
Сщхьэщохыж уэ нэщхъеягъуэр, хьэлъэ дыдэу ар щытами.
КъыбгурыІуэм си гум щыщІэр, къэпщІэнщ хьэлъэми ар тыншми.

ХамэщІ къикІа лІыхъужь гуэрым сыІущІащ сэ сымыщІэххэу.
Къыщхьэщихырт нурыр щІалэм, уеплъам теплъэм удихьэхыу.
Ауэ и гум кьеуэр, щІэгъыр къыджиІакъым къызэкъуихыу.
КъысхуэкІуакъым, седжа пэтми. Ар стельщ хьэлъэу сригухыу.

Абы гу дэ къыщытлъитэм, елъэщІ нэпсри, шым мэшэсыр.
ЛІыкІуэу абы хуэзгъэкІуахэм удын бзаджэр къарепэсыр.
Мэбзэхьыж ар напІэзыпІэм, егъэпудри си нэмысыр.
КъысфІэщІами, слъагъупами къыслхуэмыщІэу, согупсысэ.

ГъэщІэгъэнщ ар икъукІэ! Хэт ар? Дэнэ щІыпІэ къыздикІар?
ХьэкІэлъыкІэр хилъхьащ си дзэм! Сыт хуэдэлІхэ къиукІар!
Щхьэ бзэхьн хуей цІыхур занщІэу! Сыт кІуэдыкІэу кІуэда ар?
Нобэ хъунт сэ щызухынур Тхьэм насыпу кьызитар!

Тегъуэлъхьауэ бампІэр си гум, сщещІыр дыдж дуней щІэращІэр.
Дэбзэхащ абы гуфІэгъуэр, нэщхъеягъуэм сыхегъащІэ.
Насыпыншэ хъухукІэ цІыхум кьыщохъу нэхъри хьэлъэ гъащІэр.
Игъуэтащ кІэ гурыфІыгъуэу сэ сиІэнум! Ар сэ сощІэ.

Жэуап къетыр и пхъум: «Сядэ, сыпхуэгушхуэу сынопсалъэ:
УмыщІ къуаншэ Алыхьталэр, зыхуэпщылІыр цІыхуу щыІэр.
И зэран абы къокІакъым. А зырщ дэ хъумакІуэу диІэр.
Гуауэу щыІэм я нэхъ гуауэм фІы зигу илъыр текІуэу жаІэ.

СынолъэІур: Тепщэу щыІэм уратепщэщ. ЩІы унафэ!
Гъунапкъэнщэщ уи хэкушхуэр, еуфэбгъыр хьшхуэ Іуфэр.
ДэнкІи гъакІуэ цІыху, кьегъащІэ зыщІар фащэ къаплъэныфэр,
ЩІым щалъхуами а лІыхъужьыр, и хэщІапІэми мо уафэр».

ЩІыр хъурейуэ щІащыкІыну тІасхъэщІэххэр ирегъажьэ:
«Фежьэ, маржэ! Гугъуехь щхьэкІэ фыкъэдзыхэу, зывмыІэжьэ!
ЩІэфщыкІ ди щІыр, си унафэм би акъылыр хуэвгъэлажьэ!
Къысхуэфтх флъагъур, фи нэгу щІэкІыр!
Хъыбарыфікіэ сынывожьэ».

Ежьа лЫкІуэхэм къакІухьыр илъэс псокІэ, зэш ямыщІэу.
ЩІыр щІащыкІыр, лъэрытету хэт къаІущІэми еупщІу.
Къахуэзакъым цІыху, лЫхъужьым и хъыбар зэІубзу ищІэу.
Къагъэзэжыр ахэм унэм хъыбарыншэу, я гур хэщІу.

ПщылІхэм жаІэ: «Зи щІыхь лъапІэ! Сэбэп дэ дыпхуэхъуфакъым.
КъэткІухьащ дунейр хъурейуэ, ау лЫхъужьыр дэ дгъуэтакъым,
И хъыбар къыджиІэфынуи цІыху псэ пыту дыІущІакъым.
НэгъуэщІ гуэрщ абы и щэхур! - Сыт дымыщІэм
къытхуэщІакъым».

Къэхъужащ нэщхъыфІэ тепщэр, жеІэр: «Си пхъум пэжт жиІар!
ПщІы хэмылъуи, Іиблис ябгэм и ІэщІагъэщ нэгу щІэкІар.
Си биийц хэтми, уафэ къащхъуэр телъхьэ зышІу къысхуэкІуар.
Зреужь иджы гуфІэгъуэм! Нэщхъеягъуэу куэдщ тлъэгъуар!»

ЖеІэ ари, къогуфІэжьыр, ефэ-ешхэр яублэж.
КІапсэрыкІуэу, уэрэджыІэу щыІэу хъуар кьызэхуосыж.
Егуэш гуапэу хъугъуэфІыгъуэр, иІэу тепщэм гукъыдэж:
Нэхъ хьэлэл Тхьэм кьигъэщІакъым зы цІыху, ищІу ар гупыж!

IV

Тинатин Автандил ирегъажьэ Къаплъэныфэр зи фащэ ЛІыхъужьым и лъыхъуакІуэ

ЩІэсщ и пэшым и щхьэзакъуэу Автандил, и жей къэмыкІуэу,
КъригъэкІыу фІэфІ пшынальэр ІэщІэлъ лирэм ІэкІуэлъакІуэу.
Хъыбарзехьэ, вынду фІыщІэу, Тинатин кьегъакІуэ лЫкІуэу:
«Къыпхуейу къоджэ дуней нэхур!» - абы жеІэ зигъэжьакІуэу.

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакІуэ (XII лІэщІыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лІыхъужь

Зэзыдзэкіар БЕР Хьэбалэщ

Автандил къыщохъу ар гуапэ: зыщІэхъуэпсым тохуэр и Іэр,
ЗыщетІагъэр зэщІэлыдэу нэхъыфІ дыдэу фащэ иІэр.
Розэм ар зэрыІущІэным псэкІэ хуоІэ, темыпыІэу,
ФІыуэ пльагъун нэхърэ сыт нэхъыфІу дунейм щыІэр?

Автандил гъуэгуанэ тохьэ нэжэгужэу, игу кьыдэжу,
Ар ІущІэнущ япэм куэдрэ щытам нэпс зыхущІитІэжу,
ЩысщІ цІыхубзри нэщхъей дыдэу, нуру идзыр фІызэблэжу,
ЩІохъукІ мазэр абы фагъуэ, нэху идзын хулъэмыкІыжу.

ЩІыгъын екІум Іэпкъльэпкъ гуакІуэр ІэкІуэльакІуэу изгъауэ,
И щхьэтепхъуэу мелуан уасэр и дамэпкъым тешэщІауэ,
Нэбжьыщ пІащэхэм сатыру нэ пІащитІыр къаувыхьауэ,
Тесщ ар тахьтэм, щхьэц данагъуэр и жьэгъухум къешэкІауэ.

Абы дахэу зихуэпами, гуауэ гуэр зэриІэр къощІэ,
Ауэ, дзэпщыр етІысэхмэ, зэригуапэр кьрегъащІэ.
ПщылІхэм кьажь щэнтжьеи, пщащэм фІыщІэ хуищІу, мэтІыс хьэщІэр,
Іуплъэжащи ар и мыгъуэм, насыпышхуэ къыщохъу гъащІэр.

Пщащэм жеІэ: «Гугъу сохь, пщІэмэ, жьсІэн псалъэ схулъэмыкІыу,
Сыщысынт икІи слъэкІатэм си жьэм зы къыжьэдэмыкІыу.
Ауэ, пщІэрэ, уэ ныщхьэбэ сыщІоджэн щІэхъуар, сигу къэкІыу?
ЩІэпІейтейри, пщІэрэ, си гур, цІыху нэмысым ибэкъукІыу?»

Автандил къопсалъэ: «Уи гум и хущхъуэгъуэр сыткІэ сщІэн?
Мазэр хуэхъумэ гъунэгъу дыгъэм, фагъуэ мыхъуу хулъэкІын?
Гугъэр нахуэм лъэмыІэсу соткІур сэри, сыт схуэщІэн?
ЖыІэ кьеуэр уи гум, слъэкІыу, къэзгъэнэнкъым сэбэп хъун!»

ЖеІэ пщащэм, псалъэ гуапэр дыщэ уагъэкІэ зэІуищэу:
«УсІыгъащ уэ успэІэщІэу нобэм къэскІэ, пхуэмыфащэу.
ЩІыт иджы уи фІэщ: насыпыр тщхьэщытщ дэ къыдэІущащэу,
Ауэ бжесІэнщ япэщІыкІэ, кьинар си гум сщымыгъупщэу.

ПщІэжрэ: щакІуэ зэ фыкІуати, сядэм фэрэ фызэгъусэу?
ЛІыхъужь гуэри фыхуэзати, кьепыгъэхьыу псыхъуэм дэсу?
Абы лъандэм сехьыр бампІэм, си гур мафІэ ныгъэм кьису,
Кьэгъуэт екьи ар щыІэххэм, лъыхъуэ, дэни уи лъэр нэсу.

БжесІэфынут гухэлъ псалъэ, уигу кьыскхуилъыр сумыгъащІэу,
Ауэ сщІэрт сэ фІыуэ псори, ущытами успэІэщІэу:
Сыщыгъуазэт нэпсу бгъажэм, бгъажэ пэтми, уфІэмащІэу,
ЛъагъуныгъэІэфІым уи гур зэрихузыр, ухигъащІэу.

Сэ Іуэхутхьбзэ къысхуэпщІапхъэу Іуэхугъуитікіэ птелъщ дамыгъэ:
Янэрауэ, - узауэлІщ уэ, утыку уихьэм, зохьэ лЫгъэ.
ЕтІуанэу - дэ тІум дякум дэлъ си гугъэщ лъагъунытгъэ...
АтІэ ежьэ! А лЫхъужьыр къэгъуэтыфи сигу гъэзагъэ!

Лъагъунытгъэу уэ къысхуиІэр лЫхъужьагъкІэ бгъэхуэбауэ,
Схутех си гум нэщхъеягъуэр, ем пэрыуи тегушхуауэ,
Сыгъэлъагъут, зехьи лЫгъэ, си губампІэр тІысыжауэ,
Кьэбгъэзэжмэ, уиІэу лЫгъэ, плъагъунущ дыгъэу сыптепсауэ.

Абы лъыхъуэ илъэсищкІэ, и лъэужь зэ утехьэнщ,
Кьэгъэзэж си деж къэгъуэти, нэхъ лъапІэжу пщІэ уиІэнщ.
Умыгъуэтрэ - гъуэбжэгъуэщу кІуэдыжауэ ар слъытэнщ,
Удэ гъэгъэнум и тІэпІыгъуэу сэ уи пащхьэм сихутэнщ.

Мыр зэгъащІэ: «Си насып Тхьэм уэ нэмыщІ нэгъуэщІым хилъхьэм,
Дыгъэ нуру зэщІэлыдэу кьихутапэми си пащхьэм,
Ар къэзгъанэу мафІэ лыгъэм сфІэкъабылу сыхэмыхьэм -
ЛъагъунытгъэР хъуэж ажалкІэ, хэси уи сэр мы си гущхьэм».

ЛІыхъум жеІэ: «Си нэхулъэ! Лъэр зезыхьэм яфІэлъапІэ!
Сыт бжесІэн? Солъагъур наІуэу си насыпым и кьежьапІэр.
Хэплъхьажащ щІэрыщІэу си псэр, кхъэр зыщІауэ щытар пльапІэ,
ПщылІ жыІэщІэу уэ суриІэу, щІэсщыкІынщ щІым иІэр кІуапІэу».

Пещэ адэкІэ: «Ди Тхьэшхуэм укъигъэщІри уэ зыр дыгъэу,
УахуищІащ, пхуэфащэу, тепщэ нэху зыдзыфу щыІэм вагъуэу.
Зэгъащ си гур, сыбгъэщІащи уэ къыскхуиІэр лъагъунытгъэу,
Иджы, дяпэкІэ уи нэхум щигъэтынкъым розэр фагъуэу».

Налкъут щыгъэу зэрылъэлъу гурылъ ІэфІхэм гъуэгу ягъуэт,
Лъагъунытгъэм и щыхьэту псалъэ быдэхэр зэрат,
Гуныкъуэгъуэу а тІум и уи илъам абдеж кІэ щегъуэт,
Дзэ хужьыбзэхр къаІупсу зэбгъурысхэщ. Сыт къахуэт?

ЗэщІэплъауэ тІуми я лъыр, псалъэ ІэфІхэр зэпадзыж,
Лъагъунытгъэр гъуэгу техьауэ лъэужь я гум кьренэж.
ЛІыхъум жеІэ: «УслъагъухукІэ си акъылыр мывэу мэж,
Уэ уи теплъэм мафІэ лыгъэу щищІар си гум мыужьыхыхыжщ».

Игу кьеуапэу зэрежьэжыр, пщащэм деж ар къыщІокІыж,
КьызэплъэкІыурэ, лЫхъужьыр нэщхъей дыдэу гъуэгу тохьэж,
МэкІэзыз, дияу, Іэпкъльэпкъыр, нэпсыр и нэм къыфІыщІож,
И жыІэщІэу лъагъунытгъэм щыІэщ и гур пщащэм деж.

ЩхьэхуэпсалъэУ жеІэ: «Розэр, зыхуей щыщІэм, мэхуалэж,
Налкъут лъыри мэхъур фае, хрусталь хужьри мэхъуж гъуэжь,
Сыт-тІэ сщІэнур? Ар спэІэщІэу дунейм сэркІэ сыт сщІэІыж?
Гу зыхуищІым папщІэ си псэр зытым псалъэр егъэпэж».

Магъ зэщыджэу, гъуэлъыжауэ; нэпсым нэпсыр кІэлъопІащІэ,
Борэн жьапщэр къыкъуэууэ, ар щиху лантІэу едыныщІэ.
ТІэкІу хожае... ПщІыхьым хэту, псэм и щІасэр щегъэхьэщІэ...
«Нэхъ лъэщщ тІощІкІэ гуауэр!» жиІэу, пІэм къыхокІиикІ гумащІэр.

И гъэфІэным ар пэІэщІэ хъуащи, и гур къопІейтей,
Нэ пІащитІым къыщІэж нэпсым егъэпскІ розэ дахэкІейр,
Аурэ мэщыр нэху, зехуапэ. КьобжьыфІэжьыр нэкІу нэщхъейр,
Шым мэшэсри дошэсыкІыр, илъагъуну пщыгъуэр зейр.

ЕутІыпщ лЫкІуэ япэ иту, тепщэм мыр жригъэІэну:
«Зиусхьэн, уэ сыпхуэгушхуэу тауЧэл сщІащ сочэнджэщыну:
Дунеишхуэр уэ уи джатэм хулъэкІынщ кьигъэзджызджыну,
Ар уи цІыхухэм зэ иджыри лейкъым ягу кьэдгъэкІыжыну.

Хэсхыу я псэр бий къытхуилъым, дищІ хъурейр зэхэсКІухьынщ,
Тинатини хъуащи тепщэ, ар зымыщІэм езгъэщІэнщ;
Іэщэм еІэр згъагъынщ гуІэу, зигу фІы илъым гу лъытэнщ,
ХъугъуэфІыгъуэм сэлам щІыгъуу, лЫкІуэ схуэхъухэм
къыпхуахьынщ».

Автандил жраІэжьну тепщэм жеІэ, ищІу фІыщІэ:
«Асльэн хахуэ! Уэ уи лЫгъэм зы мэскъали хущымыщІэ!
ЛІыхъужьагъыу пхэлъым хуэдэщ уи чэнджэщри - фІыуэ сощІэ.
Ежьэ! Ауэ щІохьэ си гум уэзрыхъур уэ спэІэщІэ».

Хахуэр тепщэм деж щІыхьащи, и нэхъыжьым щхьэщэ хуещІ:
«Зи щІыхь лъапІэ! Схуэмыфащэу укъыстытхъуу сэ къысфІощІ.
Кьэзгъэзэжми, Алыхьталэм ди зэІущІэр гуапэ ищІ.
ГурыфІыгъуэ уиІэу слъагъумэ, къыскхуэтыжыр сыт нэгъуэщІ?»

Быным хуэдэу хуэгумащІэу, абы Іэплэ хуещІ Ростан.
ЕгъэджакІуэу е еджакІуэу хуэдэ дунейм тебгъуэтэн?
Автандил щІокІыж, къигъанэр фІэпсэкІуэду. Сыт ищІэн?
Нэщхъей дыдэ кьохьу пащтыхьыр, къыщІидзауэ гупсысэн.

Гъуэгу лЫхъужьыр тоувэжыр, гурыфІыгъуэр щызу и гум.
Кьемыпсыхыу жэщми и шым, махуэ тІощІкІэ тетщ ар гъуэгум.

Гурылъ ІэфІхэр хъуащи нахуэ, игьэтІыгъуэу исщ уанэгум,
Ар зи мафІэм ис бзылъхугъэ Тинатини щІэтти и нэгум.

Щынэсыжым ар и щІыпІэм, гуфІэу цІыхухэр къызэхуос.
Нэхъыжьыфіхэми я гуапэу тыгъэр хъушэу кьыхуагъэс.
Дыгъэ нурми, щІэлъ гъуэгуанэр и гум илъщи, щІогупсыс.
Хэт и уни гурыфІыгъуэр насыпыфІэу кьылъоІэс.

Адэжь лъапсэу, бий псэхэхыу сэрей дэгъуэщ и хэщІапІэр,
Кьыр задэжьхэр и хъумакІуэу итщ кьуршыщхьэм и быдапІэр.
ЩыщкІуащ абы махуищкІэ, тригъууэ и губампІэр,
Шермадин къреджэ, Іуэхум хуиІуэтэну и пэжыпІэр.

Шермадин доцІыху дэ мащІэу, и гугъу тщІауэ нэхъапэІуэу,
ИІэт дзэпщым ар пщылІ пэжу, ныбжьэгъуфІу, жыІэдаІуэу.
Ауэ ищІэркъым лЫхъужьым лъагъунытгъэр мафІэу къеІэу,
Автандил хуэшэчакъым и гум щыщІэр жримыІэу:

«Шермадину си псэм хуэдэ! Злэжьу хъуар сэ уэ бжесІащ.
Ауэ си зы щэху куэд щІауэ цІыхугъэншэу пщызбзыщІащ.
Гу сигу къапльым лъозмыгъатэу, куэдрэ нэпсыр пщысхъумащ.
Си гукъеуэр зи зэраным си гум Іэ къыдилъэжащ.

Лъагъунытгъэр мафІэ лыгъэу Тинатин сэ къызидзат,
Нэпс пщтыр гуащІэр щыщІэльадэм розэм хуалэу къыщІидзат,
Си губампІэр пхуэзмыІуатэу куэдрэ гугъу сэ зезгъэхьащ,
Иджы, наІуэу езы дыдэм игу къыскхуилъыр сигъэщІащ.

КъызжиІащ: «КьыскхуэщІэ хэтми, а лЫхъужьым и хэщІапІэр.
Кьэбгъэзэжмэ пхэлъу лЫгъэ, згъэтІысынщ сэ уи губампІэр,
Уэ нэмыщІ щхьэгъусэ сщІынкъым щІыху, жэнэтми и псэупІэр».
Ар къызжеІэри сегъащІэ си насыпым и кьежьапІэр.

Япэрауэ, лІыхъужь, сожьэ згъэзэщІэну си кьалэн,
Нэхъыжьыфіхэм я унафэм дэ кьытхэтхъым ебэкъуэн.
ЕтІуанэу, кьэпльа си гур схуищІащ щабэ Тинатин,
Иджы щыІэкъым шынагъуэ сэ сыкъэзыгъэдэзыжн.

Хуэгъэпэжу лъагъунытгъэр хэт дэ тхуэдэу лЫгъэ зиІэр?
СынолъэІу, апхуэдэу щыхъукІэ, бгъэзэщІэну уэ мы бжесІэр:
ЛІыгъэ уиІэу, уиту си пІэм, блэжьынщ хэкум Іуэхуу иІэр,
Си къулыкъум пэлъэщыну уэ зыращ ныбжьэгъуу сиІэр.

Ящхьэщыт цІыхубзэм адэу, хуей хъум - уи дзэр гъэжьІэщІэ;
Уи цІыху гъакІуэ щыхьэр унэм - Іуэху щекІуэкІхэри зэгъащІэ;
Хуегъэхь си цІэкІэ пащтыхьым тыгъэ! - жиІэр хуэгъэзащІэ,
Ауэ мыр иубыдэ уи гум: сежьау цІыхум иумыгъащІэ!

ЩакІуи зекІуи кІуэ сэ схуэдэу, тегушхуауи дунейм тет.
Сэ къызэжьэ илъэсищкІэ, щэхур хъумэ, гъуэгу иумыт.
Кьэзгъэзэжмэ, лъэрытету напэльагъур Тхьэм къыдит,
Кьэзмыгъазэм - уигу щІэгъэхьэ, - хьэдагъэшхуэр къыскхуэІэт.

Абы щыгъуэщ си лІэныгъэр ди пащтыхьым щебгъэщІэнур.
Абы щыгъуэщ си хъыбарыр, щэху сиІахэр щыпІуэтэнур.
«Ар дэ хэти тщІэльщ! - жжеІэ, - Сыт ажалым дэ тхуещІэнур?».
Хуэгъуэш дыщэ, дыжьын, ахъшэ къулейсызхэм! Араш пщІэнур.

А Іуэхутхьбзэр, укъэмыскІэу, уэ къыскхуэщІэ абы щыгъуэ.
«ЛІащ ар!» - жыпІэу уемыжьэжу, си лІэныгъэр щІы уи жагъуэ.
ЩыдэвгъэкІкІэ си хьэдагъэр, анэм хуэдэу къыскхуэщыгъуэ -
КъэгъэкІыжи уи гум ІэфІу екІуэкІа ди сабиигъуэр».

Щызэхихым ар, пщылІ пэжыр Іэнкун къохъу, ищІэн имыщІэу.
Кьолъэльэх нэпс пщтырыр нэкІум, гуауэ щІыІэм и жыІэщІэу.
ИкІэм жеІэ: «Хьэуэ, хьэуэ! Схуэшэчынкъым успэІэщІэу...
Сыт ар бжесІэкІэ? Уежьэнущ, си гум щыщІэр зыхыумыщІэу.

«ЩІы унафэ уиту си пІэм!» - сыт щІыжыпІэр, гугъу себгъэхьу?
Зесхьафыну уи кьулыкъур сыту пІэрэ схэлъыр уэщхьу?
НэхъыфІщ сылІэм, успэІэщІэу махуэ закъуэ сэ сымыхьу.
Сыздешажьэ суригъусэу! БдэскІунщ гьуэгур, щытми кІыхьу».

ЛІыхъум жеІэ: «Пэж ухуеймэ, мы сэ бжесІэм егупсыс:
Хьэщыкъ хъуар гъуэгуанэ техьэм, щхьэзакъуэным хущІохъуэпс.
Уасэ щІэптмэщ щыбгъуэтынур ухуей хъум налкъутналмэс.
Зи кьалэн зымыгъэзащІэм джатэр и псэм кьылъоІэс.

Хэт уэ пхуэдэу акъылыфІэу зигу кьигъыкІым гу лъызытэр?
Кьыппэхъуну хэт дэ диІэр? ЛІыгъэ пхэлъхьэ, пІэтмэ джатэр?
ЩІы нэхъ быдэ ди щІы гъунэр, егух лъэщу бий къэятэр!
Кьэзгъэзэжщ сэ, Алыхьталэм кьызипэсмэ и гулъытэр.

Ар зыу щытми, щэу зэкъуэтми, фІэкІыфынкъым Тхьэм жиІам.
СытекІынкъым сыпсэухукІэ сыкъэдзыхэу мурад сщІам.
Сыкъэмысмэ илъэсищкІэ, сывгъеиж, сахэвбжи лІам.
Хуит пхузощІыр си кьулыкъур, тхылъ пхузотхри! Тет бжесІам!»

(КъыкІэлъыкІуэнущ)

Сурэтхэр **Кьып Мухьэмэд** *ищІащ.*

● Тхылъыщ1э

Илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Махъсидэ Залымхъан къыэзрэлъхурэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу Налшык «Печатный Двор» ООО-м къыщыдэкIащ «Зи лъэужьыр мыужьыха» тхылъыр. Ар къыдэгъэкIыным хуигъэхьэзыращ Гуанэ (Махъсидэ) Аидэ. Тхылъым хэзыгъэгъуэзэ псалъэ хуитхащ филологие щIэныгъэхэм я кандидат Къэжэр Иннэ.



АБЫ щыэзхуэжьэсащ Махъсидэм и тхыгъэхэу «Хьисэ и махуэ блэкIахэр», «Ар зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым», «Хабзэжь удын» жыхуиIэхэр. Къыщыхьащ Залымхъан теухуауэ Теунэ Хьэчим, Хьэщхъуэжь Раисэ, Сэрахъэ Александр, КъуэIуфэ Хьэчим, Нало Заур сымэ, нэгъуэщIхэми ятхахэр.

Махъсидэ Залымхъан теухуа тхыгъэхэм хъахоущ абы хэлъа хьэл-щэныр, и дуней тетыкIар, бгъэдэлъа зэчийр. «Зи гугъу тщIы щIалэ къамылыфэр хьэлэлу, гу къабзэрэ псэ нэхуу зэрыщытам щхьэкIэ и ныбжьэгъухэми, и жэрэгъухэми, и Iыхьлыхэми, и благъэхэми фIыуэ къалъагурт. Абы кхьихэкIкIэ, цIэ куэд кхьифIащати, гу щабагъэ хэлъу а къыфIащахэмкIэ кьеджжьырт. И цIэ дыдэ Залымхъаным нэмыщI зэрихьэу щытащ ПIотIэ, ПIутIэ, ФIыцIэ, Залым, Пэжыжь, Черный, ЩхьэгъуэМ, Петро, нэгъуэщI зыбжани», - къыщыхьащ Теунэ Хьэчим и тхыгъэм. «Куэдрэ кьохъу игъащIэм умылъэгъуа, куэд щIауэ мыпсоуэк цIыхур псэкIэ уи гъунэгъуу щызыхэпщIэ, пфIэгуэныхь щыхъу, и гъащIэр уи гум щыщIыхьэ... апхуэдэ гурыщIэ зыхызощIэ Махъсидэ Залымхъан, нэхъ пэжу жыпIэмэ, абы и фэепIым теухуауэ», - жеIэ Къъуэлъфэ Хьэчим. «Залымхъан и Iэдакъэм рассказищ къыщIэкIащ... Рассказхэм лъабжьэ яхуэхъуагъэнщ къэхъуа Iэхугъуэ. Ауэ нэхъыщхьэр абыхэм псэукIэжьыр - гъащIэм хуиту зыщаужьыну, я гупсысэ къагъэлъэгъуэну зэран хуэхъур - Iумпэм зэрыщыщIарщ», - ерт Нало Заур Залымхъан и IэдакъэщIэкIхэм ятеухуауэ.

Тхылъыр къыэзрызэгъэпхыу итщ Махъсидэхэ я лъэпкъ жыгър. ЩхьэхуэУ къыщыхьащ сурэтхэр.

ГЪУЭТ Синэ.

● Дэ къытхуатх

ЩIэныгъэрылажьэ, усакIуэ, егъэджакIуэ

Ди лъэпкъым и мащIэкъым уэзрыгушхуэ хъун щIалэгъуалэ. Тхьэр зэчийкIэ зыхуэупса цIыхуэхэм дунейр ягъэдахэ, щэнхабзэр, гъуэзджэр, щIэныгъэр, ухуэныгъэр ипэкIэ ягъэкIуатэ, лъэпкъым и гъащIэр ирагъэфIакIуэ. Апхуэдэ ныбжьыщIэ жыджэрхэм ящыщщ усакIуэ, литературэдж, филологие щIэныгъэхэм я кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ.

Хьэвжокъуэ Людмилэ

ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ Борис и пхъур 1986 гъэм мэкъауэгъуэм и 28-м ШэджэМ куейм хьхьэ Нартан къуажэм къыщалъхуащ. 1988 гъэм и унагъуэм и гъусэу Аруан куейм хьихьэ Чернэ Речкэ къуажэм Iэпхъащ. Курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ къиуха нэужь, 2003 - 2008 гъэхэм ар щеджащ Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъар къэрал университетым и филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм, ар диплом пIыжьыкIэ къиуахащ. 2008 - 2011 гъэхэм КъБКъУ-м и аспирантурэм щеджащ, «Бещтокъуэ Хьэбас и поэзиер: мотив нэхъыщхьэхэр, жанр системэр, поэтикэр» диссертацэ лэжьыгъэр 2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъар къэрал университетым щыпхигъэкIащ.

2009 гъэм къыщыщIэдзауэ Хьэвжокъуэ Людмилэ Къэбэрдей-Балъкъар щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьщ. Абы къыдэкIуэу, 2013 гъэм къыщыщIэдзауэ ар «Іащхьэмахуэ» журналым публицистикэмкIэ и къудамэм и редакторщ; а гъэ дыдэм Кавказ Ищхъэрэм ГъуаздджэхэмкIэ и институту Налшык дэтым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щIигъэджын щIидзащ.

Хьэвжокъуэ Людмилэ 2011 гъэм студентхэм, аспирантхэм, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я грантыр КъБКъУ-м къыщыхьащ; 2012 гъэм тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я республикэпсо «Гугъэ» эпеуэм и лауреат хъащ.

Людмилэ зэрысабийрэ усэ етх, ахэр Къэбэрдей-Балъкъарым къыщыдэкI газетэхэмрэ журналхэмрэ («Нур», «Іащхьэмахуэ», «Жылэ», «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь», «Горянка», н.) къытохуэ. 2011 гъэм дунейм къытехьащ абы и «Гухэлъ налъэ» ятеп усэ тхылъыр.

Хьэвжокъуэ Людмилэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэ литературэм и зыужьыныгъэм теухуа щIэныгъэ тхыгъэ пщIы бжыгъэхэр. 2012 гъэм абы къыдигъэкIащ «Бещтокъуэ Хьэбас и усыгъэ дунейр» (урысыбзэкIэ) зыфIища монографиер; 2013 гъэм - «Гъубжокъуэ Лиуан: Псэухэм папщIэ сопсэу» (урысыбзэкIи адыгэбзэкIи); 2014 гъэм - «Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэ дунейр»; 2014 гъэм - «Къэздэ Iабубэчыр. Джатэ зыгъабзэ нэхърэ пшынэ зыгъэбзэрабзэ» тхылъхэр. Апхуэдэуи Людмилэ пэублэ псалъэ хуитхащ курыт еджапIэхэм папщIэ къыдэкIа тхылъхэм «Бещтокъуэ Хьэбас. Усэхэр» (2014 гъ.), «Тхьэгъэзит Зубер. Усэхэмрэ поэмэрэ» (2014).

Хьэвжокъуэм и щIэныгъэ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, художественнэ литературэми усыгъэми холъжьыхь. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэм лъабжьэ яхуэхъу гъащIэм и теплъэгъуэ зэхуэмыдэхэр - лъагъуныгъэ, гуапагъэр, лъэпкъым и гъащIэр, хэкур фIыуэ лъагъуныр, щIыуэпсым и дахагъыр, нэгъуэщI Іэхуэгъуэ куэди. Абыхэм ящыщ зы тхыгъэм щIыдогъу.

ЖЭМЫХЪУЭ Радимэ,
КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм и 3-нэ курсым щеджэ.

Тхьэм укъихъумэ, си Адыгэ!

Шы цIахуцIэ нобэ уэ утесщ...
Тхьэм укъихъумэ, си Адыгэ!
Уи шыбгым сфIощI тебзау алътес -
Укъехуэхынкlэ сегъэдэлхэ.

Тхыдэжь и мафIэм ноби уес...
Тхьэм укъихъумэ, си Адыгэ!
ЩыпхэмытыжкIэ зекIуэлI ес,
Нэмыс хэлъыжу зы нэрыбгэ

Ущимы1эжкIэ, дэнэ нэс
Уэ укIуэфыну, уиса шыбгым,
УкIуэцIрыкIыу лыгъей мэз,
Ущхьэпрыкlыж Жьыгъэибгым,

Уи шылъэр мыхъуу лъыкIэ-лъыпс,
Уи ужькIэ къинэу щIэблэ-дыгъэ?
... Сыхъуху гусыс, сыпщIогупсыс.
Тхьэм укъихъумэ, си Адыгэ!

● Хъуэхъу

Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ къуажэм щыщ БОЗИЙ Ленэ БетIал и пхъум и ныбжьыр бадзэуэгъуэм и 3-м илъэс 75-рэ ирикъуащи, дохъуэхъу

ФIыуэ тлъагъу, псэм щыдгъафIэ ди анэ гумащIэм, анэшхуэ IэфIым уи махуэ лъапIэмкIэ дынохъуэхъу! Узыншагъэ быдэ уиIэу, уи псэр зыхуэхуапсэр, уи гур зыхуэпабгъэр уи нахуапIэу, унагъуэ насыпифIэу узыгуащэм и жьэгур сыт щыгъуи блэну, дунейм гу щыпхуэу, уи щIэблэм я хъер, я ехьулIэныгъэ пльагъуу, абыхэм уащыгуфIыкIрэ уи гукъыдэжыр къаIэту, нэмыс къыпхуащIрэ уи пщIэр яIэту куэдрэ укъытщхъэщытыну ди гуапэщ. Ди ущиякIуэ, чэнджэщакIуэ, гъэсакIуэ Іумахуэм гъащIэ кIыхь дахэкIэ Тхьэр къыпхуэупсэну дыхуейщ.

Уи бынхэр, къуэрылъху-пхъурылъхухэр.

● Шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщIэт, мэлыл, кIэртIоф, хугу хэлъу

Абы щхьэкIэ нэхъ къащтэр мэлым и дзажэращ. Дзажэр зэпаид г 50-60 хъууэ. Псы щIыIэкIэ ятехьэщI, шыуаным иралъхьэри псы щIыIэ щIакIэ. МафIэр ину блэуэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. ЩхьэнтхъупсыР пэщхьэжум къытрах, мафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахуэрэ. МафIэр цIыкIуу ирашэхри шыуаныщхьэр тепIауэ ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахуэрэ. ИтIанэ абы шыгъу хадээ, щимэуэрэ упщIэта кIэртIоф укъэбза халъхьэ, шыуаныщхьэр трапIэри зэ къытрагъэкъуалъэ мафIэ иным тету. МафIэр щабэ ящI, шыуаныщхьэр трапIэри, кьагъавэ дакъикьипщIипщыкIутхуэкIэ. ЗэIащIэуэрэ абы хугу лъэса хакIутэ, шыуаныщхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Хьэнтхъупсыр пэщхьэжум къытрах, бжьыр гъэлыбжьа традзэ, джэдгын траудэри шыуаныщхьэр тепIауэ дакъикьитху-хыкIэ щагъэт, нэхъ ІэфI хъун, зэхэщыпсыхьын щхьэкIэ. Пщтыру ираф, щIакхъуэ е чыржьын и гъусэу.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Іыхьэ):

Мэлылу - грамм 300
Лыр зэрагъэвэну псыуэ - грамм 800
КIэртIоф укъэбзауэ - грамм 60
Хугуу - грамм 40
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Бжьын гъэлыбжьам:

Тхъууэ е щэ дагъэу - грамм 20
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 20
Шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Псалъэжьхэр

Къыптекlуэ лъэщщ

♦Уэфlрэ уэлбанэрэ я хьэкъ зэтенэркъым.
♦Удэмэ - Іуданэ, убзэмэ - бзыхьэхуэ.
♦ЗыхуащIэ нэхърэ - зыщIэф.
♦Къэптекlуэ лъэщщ.
♦Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.
♦Пщы зыфIэпщым пщылI къыпфIещ.
♦Дзэм хамэ хэткъым.
♦Дзыгъуэ пэтрэ и гъуэ щыпIыхъужьщ.
♦Ем щыгъуэ бжьэдыгъур зэшщ.

Ансыкъуэ Симазэ Амман (Иордание) дэт, пащтыкъыкъуэ Хьэмзэ и цIэр зезыхьэ адыгэ школыр мы гъэм къиуахащ. Хьэрыпыбзэмрэ адыгэбзэмрэ нэсу зыгъэшэрыуэ пащащэм и мурадщ инджылызыбзэр университетым щиджыну.

Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: **2.** ... пэт илъэсым зэ мэфтрей. **4.** Адыгэ Іуэрыlуатэм къыхащьж щIыхуб пелуан. **8.** Ди гъунэгъум Іащ ... иІэщ. **10.** Дзыгъуэр зытеплъэ мыхъу псэущхьэ дахэ щIыкIу. **11.** Дэрбэр Іэмэпсымэ. **12.** ЦIыхуфI и ... дэгущ. **13.** Бахъсэн куэм хиубыдэ адыгэ кIуажэ щIыкIу. **14.** Акъылым уасэ иІэкъым, гъэсэныгъэм ... иІэкъым. **15.** Аргъынэ кIыхьыр и жагъуэщ, ... кIы гъуанэр и щIасэщ. Е хьэкъущIкъу. **17.** Ахъшэ жьгъей. ТхылъымпIэуи щыIэщ. **21.** ЩIы къиуда. **22.** Адыгэ лъэпкъ. **23.** Зиусхьэн лъэпкъ. **24.** ЩхьэлI мывэр зэкIэрэхъуэкI. **25.** Бий гущIэгъуншэр къыщыблагъэм, жьлэр зэрыщыту ... ихьэжащ. **27.** Іэзху мыублэ ... хэсщ. **30.** Къэзахъстаным и къалащхьэ. **32.** МахуэцIэ. **35.** Бгы щIэуда. **37.** А къэкIыгъэм кIапсэ къыхащIыкI. **38.** Жыгхэм яубыд щыпIэшхуэ. **39.** Мэлыр ... хъуащ. **40.** Шым и кIыкIэ.

Къехыу: **1.** Зи ныбжь хэкIуэта бзылъхъугъэхэм я щыгъын, хьэпшып гъэтIылъыпIэ. **2.** Псы фIей ина. **3.** ... уэ фIэкI, губзыгъэм сэ сыфIэкIынщ. **5.** ТхылъымпIэ зэрызэкIэрагъапщIэ. **6.** Адыгэ сабийхэм папщIэ къыдэкI журнал. **7.** Гъэм и зэман. **9.** Спорт зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщыдыхым абы къыхэщIыкIа медаль ират. **15.** Іащ зехуэмэ, апхуэдэ Іэмэпсыми уиІэн хуейщ. **16.** ДжэдкъаЗ. **18.** Унагъуэ къулейм я Іуэхутхьэбзащ. **19.** Джэгум здыхэтым, игу ирихьа хъыджэбзым щIалэм ... хуищIащ. **20.** Пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ нобэрей ... **26.** Дахэжьыр нэхърэ ... **28.** ЗэрышагъащIэхэм я пэш. **29.** ХьэцIэпэцэжьм я жэпкъ, я лъэдий. **31.** Зи нэхэм дахэ-дахэу ямылъагъу цIыху. **33.** Партизанхэм лъэмыжым ... щIалъхьэри, бийм и машинэхр щикIым къагъэящ. **34.** Хьэуазэ щIэщэщ. **36.** Пхъэ уадэшхуэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэкъуауэгъуэм и 27-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэкlыу: **2.** Джэгу. **5.** Лъэрыжэ. **6.** Азэмэт. **8.** Пхъэр. **9.** Ужьэ. **11.** Къущхьэ. **14.** Зратым. **15.** ПхъэцIыч. **16.** Сыдж. **17.** ЛаскIэ. **19.** ТекI. **22.** Хьэм. **23.** Кхъулэ. **24.** Жей. **27.** Афэ. **28.** Чэтэн. **30.** Бжьо. **31.** ХьымпIар. **33.** Нагъыщэ. **34.** Матэ. **36.** Бын. **38.** Къумыкъу. **40.** Салимэ. **41.** Сохъустэ. **42.** Гъудэ.

Къехыу: **1.** Аркъэ. **2.** Джэду. **3.** Гуанэ. **4.** Амыщ. **5.** Лъапэрисэ. **7.** ТхьэмыщкIэ. **10.** Жьым. **12.** Іумыл. **13.** ІупщIэ. **18.** Сэлэт. **20.** Кумб. **21.** Ажэ. **25.** Къагъырмэс. **26.** ЩIопщыкъурэ. **28.** Чырэ. **29.** Нанэ. **32.** Пхъы. **35.** Тулэ. **36.** Бжэгъу. **37.** Нысэ. **39.** Мусэ.

● Чэнджэщхэр

Къаз, бабыщ дагъэр сэбэпщ

♦Нартыху пIастэ хуабэрэ бжьыныщхьэ укъэбзарэ шыгъум хагъауэурэ зышхрейхэр фIыуэ мэжей. Абы лъыр фIыуэ зэрегъакIуэ, нэкIу зэлъахэми зрегъэшэщIыж.
♦Шха иужькIэ бжэмышхри гуахъуэри Іубауэ ягъэтIылъыркъым, гуэныхьышхуэ пылъщ жаІэ.
♦Къалмыкъ шей пщтырым адыгэ шатэ Іувыр хэпкIэмэ, тхъуэ мэжабзэ. Апхуэдэу мыхъун щхьэкIэ, шатэ Іувым псы тIэкIу хакIэ, зэІащIэри, итIанэ къалмыкъ шеим хакIэж.
♦Мэл е былым укIам и лъатэр ямылейуэ плъэсмэ, къъуей щIагъуэу хихьжьынукъым.
♦Шатэкlэ ящIа шыпсыр щIэх зокIуэкIри, куэдрэ щыбгъэт хъунукъым.
♦ЩIэ щагъэвэжкIэ бэлагъкIэ зэІащIэркъым, бэлагъыпэр песыкIри. ЗэрызэпыщIэн хуейр чымчыркIэщ.
♦Къаз, бабыщ дагъэ гъэткIуар мафIэм иса щIыфэм щыпхуэмэ, мэхъуж.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхьжащ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьакIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъар Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхуэ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIаIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныигъэр хъуэмэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъар щIыналъэ Іуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Элэ, редактору �жьакIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Иннэ *(1, 3-нэ нап.)*, Корректорхэм я дэлэныкъуэгъу Елмэс ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Доп Мариэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.017 ● Заказ №1142